

Child Health Plus (CHP)

Asirans Sante Bon Mache oswa Gratis pou Timoun



Child Health Plus (CHP) se yon pwogram asirans sante ki garanti bezwen timoun pou swen sante ak swen dan. Pwoteksyon asirans lan ka gratis oswa bon mache selon kantite moun nan fanmi an ak revni an.

Nan plizyè ka, timoun yo ka jwenn pwoteksyon kèlkeswa sitiyoasyon imigrasyon yo.

Jwenn yon Konseye Aplikasyon Depatman Sante Vil New York (New York City Health Department) ki Sètifye

Ou ka vini san randevou, men nou konseye w pran randevou. Gen sèvis tradiksyon disponib.

Nou ouvè lendi jiska vandredi, 8:30 AM jiska 4:30 PM.

* Chelsea louvri sèlman madi ak jedi, ant 10 zè dimaten ak 5 kè nan laprèmidi.

Brooklyn				Bronx	Staten Island
Crown Heights 1218 Prospect Pl., Premye Etaj Brooklyn, NY 11213 718-953-8234 718-953-8233	Bushwick 335 Central Ave., Premye Etaj Brooklyn, NY 11221 718-571-7719 718-571-7717 718-571-7718	Fort Greene 295 Flatbush Ave Ext., Senkyèm Etaj Brooklyn, NY 11201 718-249-1435 718-249-1437 718-249-1436	Homecrest 1601 Avenue S, Premye Etaj Brooklyn, NY 11229 718-336-2553 ext.129, ext.150, ext.144, ext.153	Morrisania 1309 Fulton Ave., Twazyèm Etaj Bronx, NY 10456 347-854-1984	135 Canal St., Dezyèm Etaj Staten Island, NY 10301 917-217-3324 (Randevou Sèlman)
Manhattan			Queens		
Washington Heights 600 W. 168th St., Dezyèm Etaj New York, NY 10032 212-368-5475 212-694-2399 212-491-5288	Riverside 160 W. 100th St., Premye Etaj New York, NY 10025 646-364-0711	Chelsea* 303 Ninth Ave., Premye Etaj New York, NY 10001 212-771-0153	Corona 34-33 Junction Blvd., Premye Etaj Jackson Heights, NY 11372 718-396-5122 718-396-5123 718-396-5125	Jamaica 90-37 Parsons Blvd., Katriyèm Etaj Jamaica, NY 11432 718-553-3846 718-553-3845	

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon konseye fas-a-fas toupre ou, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **insurance** (asirans) oswa voye tèks **CoveredNYC** nan **877877**.

Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan Child Health Plus (CHP)

Kimoun ki ka aplike pou CHP?

Pou kalifye pou CHP, timoun nan dwe:

- Poko gen 19 lane
- Yon rezidan Eta New York

Timoun nan p ap kapab

- Kalifye pou Medicaid pou Timoun
- Deja gen pwoteksyon asirans sante

Ki avantaj CHP a gen ladan?

- Egzamen woutin regilye
- Swen dan
- Vaksen
- Swen pou ijans
- Swen nan lopital
- Medikaman
- Radyografi ak tèl laboratwa
- Swen zye
- Sèvis langaj ak pou tandè
- Ekipman medikal
- Swen espesyalize

Kisa ou bezwen pou aplike?

Pou aplike, ou fèt pou mete:

- Pyès Idantite Gouvènman te bay
- Dosye lopital oswa klinik
- Enfòmasyon sou lekòl
- Paspò

Kijan mwen kapab aplike?

Konseye aplikasyon ki sètifye (CAC) Depatman Sante Vil New York yo ka ede ou enskri pou Child Health Plus. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon konseye fas-a-fas toupre ou, ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **insurance** (asirans) oswa voye tèks ki di **CoveredNYC** bay **877877**.

Epi tou ou ka aplike pou Child Health Plus nan Mache Asirans Sante Eta New York la lè ou rele **855-355-5777** oswa ou ale sou sitwèb nystateofhealth.ny.gov.